

## ENFÒMASYON POU ANPLWAYÈ YO SOU REKÒMANDASYON SOU TÈS POU COVID-19 YO

### Tès: Fason pou yon re-ouvèti ki plis an sekirite

Nou chak dwe fè pati pa nou an pou nou kenbe fanmi, zanmi, kòlèg travay ak kominote nou yo san danje anba COVID-19. Vil la te pibliye nouvo [Rekòmandasyon sou Tès pou COVID-19](#) pou konplete direktiv aktyèl yo sou distans fizik, itilizasyon kouvèti pou figi yo ak lòt zouti pou prevansyon yo.

**Vil la rekòmande ke tout Moun New York fè tès yon fason peryodik, kote frekans tès la depann de tip travay yo ap fè a ak lòt faktè risk yo, menm si yo pa te genyen sentòm oswa yo pa te konnen yo te gen kontak pwòch avèk yon moun ki genyen COVID-19. Travayè ki gen kontak an pèsòn avèk kòlèg yo, kliyan yo, oswa manm nan piblik la ta dwe fè tès yon fwa pa mwa oswa jan pwofesyonèl swen oswa anplwayè yo a rekòmande sa.**

Tout moun New York ta dwe pran prekosyon pou anpeche pwopagasyon COVID-19, gen ladan:

- Swiv rekòmandasyon sou distans fizik yo (rete nan 6 pye distans ak lòt moun yo) nan travay ak nan piblik la
- Respekte depistaj sante chak jou yo avan ou antre nan espas travay la ak rete lakay si yo malad oswa yo te ekspozè resaman ak COVID-19
- Pote yon kouvèti pou figi nan travay ak nan piblik la
- Lave men yo oswa itilize regilyèman dezenfektan pou men abaz alkòl
- Patisipe nan retrase kontak yo si yo menm oswa yon moun yo te nan kontak pwòch avèk li teste pozitif pou COVID-19

Dokiman sa a bay respons ak kesyon yo sou Rekòmandasyon sou Tès yo. Tanpri rele "NYC Test & Trace Corps" (Ekip Teste ak Retrase NYC) a nan 212-268-4319 pou nenpòt kesyon ou ka genyen.

**Enfòmasyon sa a pa konstitye yon konsèy medikal oswa legal. Tout enfòmasyon yo se pou objektif enfòmasyon jeneral sèlman.**

## Kisa ki nan Dokiman sa a

<b>Fè Tès .....</b>	<b>3</b>
<b>Peye pou Tès .....</b>	<b>5</b>
<b>Tip Tès yo.....</b>	<b>5</b>
<b>Kisa ki Pase Apre Tès yo.....</b>	<b>6</b>
<b>Kesyon Legal yo .....</b>	<b>8</b>
<b>Anèks: Opsyon Tès pou COVID-19 yo .....</b>	<b>10</b>



## Fè Tès

### 1 Kilè anplwaye mwen yo ta dwe fè tès?

Vil la rekòmande ke tout moun New York fè tès, menm si yo pa te genyen sentòm yo oswa yo pa te nan kontak pwòch avèk yon moun ki genyen COVID-19. Moun ki genyen sentòm yo (tankou tous, lafyèv, souf kout, nouvo pèt kapasite pou pran gou oswa pran sant) ta dwe fè tès touswit epi separe yo ak lòt moun yo nan kay la (gen ladan pandan yo ap tann rezilta tès yo a). Kèk moun ta dwe fè tès yon fason peryodik akòz kontak souvan avèk lòt moun yo nan travay oswa otreman. Tanpri revize [Rekòmandasyon sou Tès pou COVID-19](#) yo pou enfòmasyon anplis.

### 2 Èske Vil la rekòmande oswa egzije tès peryodik?

[Rekòmandasyon sou Tès pou COVID-19](#) yo bay direktiv. Yo pa obligasyon. Eta New York egzije anplwayè yo pou yo mete an plas yon [depistaj sante chak jou](#) pou tout pèsònèl la. Tès, byenke yo rekòmande li, pa obligatwa (sòf pou kèk endistri separe ki sijè anba obligasyon Eta New York, tankou mezon retrèt yo).<sup>1</sup>

### 3 Si biznis mwen an deside mete sou pye yon rekòmandasyon oswa egzijans pou tès, èske li dwe menm pou tout anplwaye yo?

Ou kapab etabli rekòmandasyon oswa egzijans pou tès ki diferan baze sou fonksyon travay yo (tankou etabli rekòmandasyon tès ki diferan pou anplwaye ki regilyèman entèaji avèk piblik la ak pou anplwaye yo ki pa fè sa). Li ilegal pou ou genyen politik ki diferan baze sou laj, ras oswa etnisite, orijin nasyonal, andikap, sitiyoasyon sante, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon oswa lòt kategori ki pwoteje yo.

### 4 Kijan mwen deside kisa ki yon frekans apwopriye pou tès pou biznis mwen an?

Rekòmandasyon yo pou frekans tès yo pral varye dapre biznis yo. Lè ou ap deside pou rekòmande oswa egzije yon entèval espesifik pou tès, konsidere kantite ak frekans kontak an pèsòn avèk lòt moun yo (kòlèg travay yo, kliyan yo, vizitè yo), anviwònman travay la (deyò, andedan, espas ki konfine) ak kapasite pou reyalize lòt mezi prevansyon yo, tankou fè moun yo rete nan 6 pye distans omwen ak lòt moun yo. Konsilte yon konseye medikal si posib.

<sup>1</sup> Administrasyon Sekirite Pwofesyonèl ak Sante (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) ak Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York, Biwo Sekirite Anplwaye ak Sante Piblik Vil New York (New York Public Employee Safety and Health Bureau) la pran mezi pou pwoteje travayè yo kont ekspozisyon ak COVID-19, ki kapab gen ladan tès. Anplwaye yo dwe swiv tou egzijans pou re-ouvèti Eta New York yo, gen ladan distans fizik, itilizasyon kouvèti pou figi yo ak pwotokòl pou netwayaj yo. Ou kapab jwenn repons pou kèk kesyon moun konn poze souvan sou re-ouvèti a nan [nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/covid-19-reopening-nyc-faq.pdf](https://nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/covid-19-reopening-nyc-faq.pdf).

### 5 Si yon anplwaye te genyen COVID-19 avan sa, èske li ta dwe fè tès la yon fason peryodik?

Pou moun ki te teste pozitif pou COVID-19 avan sa yo, yo pa rekòmande tès pandan 90 jou apre dat yo te premye genyen sentòm yo (oswa dat premye rezilta tès pozitif la si yo pa te genyen okenn sentòm yo). Sa konsa paske moun kapab kontinye teste pozitif pandan plizyè semèn oswa menm plizyè mwa apre enfeksyon an, menm si yo pa enfektye. Tès pandan fenèt 90 jou a gendwa bay kòm rezilta eksli anplwaye yo nan travay san sa pa nesesè.

Sepandan, si yon moun te geri anba COVID-19 la epi li genyen nouvo sentòm yo, yo rekòmande pou li konsilte avèk pwofesyonèl swen sante li a pou konnen si wi oswa non tès anplis gendwa nesesè.

### 6 Si yon anplwaye te genyen yon tès antikò pou COVID-19 pozitif, èske li ta dwe toujou fè tès la yon fason peryodik?

Wi. Nan moman sa a, yo pa kapab itilize tès antikò pou COVID-19 yo pou detekte si yon moun malad oswa enfekte aktyèlman. Yo pako konnen tou si wi oswa non yon tès antikò pozitif vle di yon moun pwoteje pou li pa genyen ankò COVID-19. Yo pa ta dwe itilize tès antikò yo pou deside si yon moun ta dwe oswa pa ta dwe travay oswa ta dwe oswa pa ta dwe fè tès.

### 7 Si yon anplwaye refize fè tès, kisa mwen ta dwe fè?

Yon anplwayè gendwa ekskli nan espas travay la moun ki refize sibi pwosedi depistaj ke Eta a òdone yo oswa anplwayè a òdone yo. Si yon anplwaye genyen yon pwoblèm sante oswa yon andikap ki anpeche li teste peryodikman, anplwayè a ta dwe travay avèk anplwaye a pou jwenn yon altènativ ki rezonab, tankou travay lakay. Yo dwe aplike pwosedi depistaj yo yon fason ki san diskriminasyon.

### 8 Ki kote anplwaye kapab fè tès?

Genyen plizyè santèn espas tès nan tout vil la, gen ladan sit tès mobil yo. Pou jwenn yon sit tès, vizite lokalizatè tès Vil la nan [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest). Anpil sit yo ofri tès san randevou epi yo genyen tan datant ki pa long. Sa gen landan tout sit Health + Hospitals NYC (Sant + Lopital NYC) (H+H) yo. Moun kapab fè tès tou nan tout sit Rapid (Express sites) pou COVID-19 Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC (Depatman Sante) yo lè yo [fè yon randevou](#). Moun kapab fè tès nan sit Depatman Sante ak H+H yo kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo oswa kapasite yo pou peye, menm si yo pa genyen asirans (men moun ta dwe pote yon kat asirans ak yon pyès idantite si yo genyen youn).

### 9 Kijan anplwaye yo pral jwenn rezilta tès yo a?

Pwofesyonèl tès yo oswa sèvis laboratwa yo pral pataje rezilta tès yo avèk anplwaye yo.



## Peye pou Tès

### 1 Kijan mwen kapab konvenk konpayi plan sante mwen an pou li ranbouse mwen pou tès pou COVID-19?

Vil la ankouraje anplwayè yo travay dirèkteman avèk konpayi asirans yo a pou peman tès pou COVID-19 yo. Anplwayè yo gendwa dirije plan anplwayè yo esponsorize yo a pou [Rekòmandasyon Tès pou COVID-19](#) yo. Sizoka konpayi asirans ou an pap kouvri tès pou depiste enfeksyon pami anplwaye yo, ou ta dwe ankouraje yo fè tès nan youn nan plizyè santèn sit yo nan tout vil la ki ofri tès gratis yo. Vizite lokalizatè tès Vil lan nan [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest).

### 2 Plan sante konpayi mwen an pap kouvri tès. Èske Vil la bay finansman pou konpanse depans yo?

Vil la ap bay aktyèlman tès gratis nan plizyè santèn sit tès pou tout moun kèlkeswa estati asirans yo. Tès yo disponn menm pou moun ki ap viv andeyò NYC. Sit tès sa yo gendwa voye fakti bay anplwayè ki asire tèt yo a si anplwaye yo prezante kat asirans yo a ak yon pyès idantite, men sit tès yo pa pral fè peye yon kopeman oswa dediktib epi yo pa pral refize yon moun ki san asirans. Pou jwenn yon sit tès toupre ou, vizite lokalizatè tès Vil la nan [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest).



## Tip Tès yo

### 1 Ki tip tès dyagnostik ki disponib?

Yo reyalize yon tès pou COVID-19 lè yo ensere yon aplikatè (ki sanble ak yon pwen Q) nan youn nan nen ou oswa nan gòj ou oswa lè yo kolekte saliv (krache). Yo ka reyalize kèk tès nan klinik pwofesyonèl swen sante a, ke yo rele tès antijèn oswa tès pwen pou sèvis (Point of Care, POC). Yon tès pou konfimasyon gendwa egzije tès POC yo. Pou enfòmasyon sou tip tès COVID-19 yo ak siyifikasyon rezilta tès yo, konsilte "[COVID-19 Testing: Frequently Asked Questions](#)" (Tès COVID-19: Kesyon Moun Konn Poze Souvan yo). Pou enfòmasyon sou tès yo, tanpri konsilte [anèks sou opsyon tès pou COVID-19](#).

### 2 Si mwen vle ofri tès sou plas nan espas travay la, èske Vil la ap sipòte sa? Èske li ap ede mwen kouvri depans yo?

Vil la genyen sit tès ki konvenab ak gratis nan espas H+H yo ak nan klinik Depatman Sante yo, ansanm ak nan sit mobil yo. Ou kapab chèche yon espas nan [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest). Genyen sèvis ki pral teste anplwaye yo nan espas travay la. Pou yon lis nan kèk sèvis yo, tanpri konsilte [anèks sou opsyon tès pou COVID-19 yo](#). Vil la pap ofri kounye a sipò finansye pou sèvis sa yo.

### 3 Èske mwen kapab ofri tès lakay pou anplwaye yo? Èske Vil la ap ede mwen kouvri depans yo?

Aktyèlman, pa gen okenn tès pou COVID-19 ke Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an otorize ki kapab fèt lakay. Genyen, sepandan, kit kòlèk echantiyon ke FDA a otorize, sa vle di se moun lan lakay li ki kolekte echantiyon an (aplikatè oswa saliv) epi voye li nan yon laboratwa pou yo trete li. Anplwayè yo kapab distribye kit yo yon fason santral tou epi yo kapab kolekte echantiyon yo nan espas travay la oswa lakay. Pou enfòmasyon sou opsyon tès lakay yo, tanpri konsilte [anèks sou opsyon tès pou COVID-19](#). Vil la pa ofri aktyèlman sipò finansye pou fòm tès sa a.



## Kisa ki Pase Apre Tès yo

### 1 Kisa ki ap pase si yon anplwaye teste pozitif?

Moun ki teste pozitif pou COVID-19 yo ta dwe separe yo an tout sekirite ak lòt moun yo lakay. Yo pa ta dwe kite lakay yo sòf pou swen medikal esansyèl oswa pou yo jwenn bezwen debaz yo, tankou pwovizyon, si yon moun pa kapab jwenn yo pou yo. Yo pa ta dwe ale travay men yo kapab travay lakay si yo santi yo byen. Yo dwe rete lakay yo jiskaske **tout** sa ki annapre yo rive:

- Omwen 10 jou te pase apre sentòm mwen yo te kòmanse.
- Lafyè la te rezoud pandan 24 èdtan pase yo san itilizasyon medikaman pou redwi lafyè yo.
- Sante jeneral yo te amelyore.

Si yon anplwaye teste pozitif, "[NYC Test & Trace Corps](#)" la pral kontakte li pou ede li siveye sentòm li yo, konprann ki lòt moun ki gendwa anba risk epi ki bezwen tès, epi asire nou ke yo genyen sèvis ak resous nesèsè pou yo separe yo an tout sekirite ak lòt moun yo.

### 2 Èske yo ap egzije anplwaye ki te genyen COVID-19 yo pou yo genyen yon rezilta tès negatif dekwa pou yo ka retounen travay?

Non. Yo pa ta dwe egzije moun yo yon rezilta tès dyagnostik pou COVID-19 negatif dekwa pou yo kapab retounen nan yon espas travay. Anpil moun teste pozitif pou lontan apre peryòd enfektye a te fini. Menm jan an tout, yo pa ta dwe itilize tès antikò yo kòm yon kritè pou pèmèt yon moun retounen travay. Yo pa konsidere moun ki te konplete peryòd izòlman an kòm enfektye ankò epi yo kapab patisipe nan travay.

### 3 E si yon anplwaye pa kapab separe li an tout sekirite ak lòt moun yo lakay li?

Moun New York yo ki genyen COVID-19 oswa ki ap viv avèk yon moun ki genyen li epi ki pa kapab separe li an tout sekirite lakay li gendwa kapab rete nan yon otèl gratis. Enfòmasyon sou pwogram otèl pou COVID-19 NYC an disponib nan [nychealthandhospitals.org/test-and-trace/take-care](https://nychealthandhospitals.org/test-and-trace/take-care).

#### **4 Èske yo egzije anplwaye yo pou yo alète mwen si yo teste pozitif? Èske mwen ta dwe notifie lòt pèsonèl yo si yon anplwaye teste pozitif?**

Anplwayè yo ta dwe notifie anplwaye yo si yo teste pozitif pou COVID-19 paske sa ka ede yo kenbe espas travay la an sekirite. Kòm yon anplwayè, ou gendwa notifie lòt pèsonèl yo oswa kliyan yo ke yo te gendwa ekspoze paske yo te nan kontak pwòch avèk anplwaye a, men yo pa kapab pataje non an oswa idantifye enfòmasyon anplwaye ki te teste pozitif la. Depatman Sante a pral ede ou detèmine ki moun ki gendwa kontak pwòch. Si anplwaye a te ap travay adistans epi li pa te gen kontak an pèsòn avèk kòlèg yo, anplwaye a pa gen okenn obligasyon pou notifie ou konsènan yon tès pozitif.

#### **5 Èske mwen bezwen yon kopi rezilta tès anplwaye yo? Èske mwen ta dwe kenbe yon dosye sou rezilta tès yo?**

Jan sa note anba a, yo pa ta dwe egzije moun yo konfime ki genyen COVID-19 pou yo genyen yon rezilta tès negatif dekwa pou yo kapab retounen travay. Moun ki gen sentòm COVID-19 yo epi ki te teste negatif nan yon tès dyagnostik ki baze nan yon laboratwa gendwa retounen travay si yo pa te genyen lafyèyè pandan 24 èdtan pase a san itilizasyon medikaman pou redwi lafyèyè yo. Ou gendwa egzije ke anplwaye yo bay prèv yon rezilta tès negatif nan sikonstans sa yo. Ou gendwa egzije tou dokimantasyon sou rezilta tès la pou asire ke yo te respekte egzijans pou tès ke anplwayè a òdone yo.

Rezilta tès yo ak lòt enfòmasyon medikal yo konfidansyèl epi yo dwe estoke yo separeman de dosye pèsonèl yo. Yo pa ta dwe transmèt enfòmasyon sa yo elektwonikman sòf si genyen baryè pou sekirite ak kriptaj ki anplas. Si ou kenbe kopi rezilta tès anplwaye yo, ou dwe kenbe yo pandan dire travay anplwaye a plis 30 ane.<sup>2</sup>

#### **6 Èske mwen kapab egzije anplwaye yo pou yo fè tès antikò?**

Non. [Direktiv](#) Komisyon sou Opòtinite Travay Egal Ego Federal (Federal Equal Employment Opportunity Commission, EEOC) la deklare ke anplwayè yo pa kapab egzije yon anplwaye pou li fè tès antikò avan li retounen nan espas travay la. Yo pa ta dwe itilize tès antikò yo pou okenn desizyon konsènan si yon moun ap retounen travay.

#### **7 Si yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19, èske mwen oblije rapòte sa? Bay ki moun mwen dwe rapòte sa?**

Eta New York egzije ke anplwayè yo notifie imedyatman Depatman Sante a si yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19 epi kopere avèk efò pou retrase kontak yo. Rele Depatman Sante a nan 866-692-3641 si ou genyen nenpòt kesyon oswa pou ou rapòte yon ka konfime.<sup>2</sup>

<sup>2</sup> OSHA a te pibliye direktiv espesifik pou detèmine kilè yon ka COVID-19 gendwa gen rapò ak travay, sa ki deklanche obligasyon anplis pou rapòte yo. OSHA a òdone pou ke anplwayè yo swiv mezi espesifik yo nan anrejistre maladi ki gen rapò ak travay yo, gen ladan atravè soumasyon rezime anyèl blesi ki gen rapò ak travay yo, epi yo dwe kenbe tout rejis sa yo pandan senk ane. Anplwaye yo dwe anrejistre tou ak rapòte bay OSHA a ensidan yo ki enplike ka lanmò oswa ospitalizasyon pou twa oswa plis anplwaye akòz ensidan ki gen rapò ak travay yo, tankou transmisyon COVID-19 nan espas travay la. Anplwayè yo dwe rapòte ensidan sa yo nan telefòn oswa an pèsòn bay biwo lokal OSHA ki pi pre ensidan an.

**8 Kisa ki ap pase apre yon anplwaye teste pozitif?**

Depatman Sante a pral verifye si moun lan se yon ka konfime. Si se yon ka konfime, Depatman Sante a pral travay avèk ou pou idantifye lòt anplwaye ak lòt moun nan espas travay la ki gendwa te genyen kontak pwòch avèk moun lan ki genyen COVID-19 la, ki pral bezwen mete yo an karantèn. Pou enfòmasyon anplis, konsilte "[Handling COVID-19 Cases in the Workplace: What Employers Need to Know](#)" (Jere Ka COVID-19 yo nan Espas Travay la: Sa Anplwayè yo Bezwen Konnen).

**9 Èske yon anplwaye ki teste pozitif oswa ki te gen sentòm COVID-19 yo ka kontinye travay?**

Si anplwaye a kapab travay adistans apati lakay li epi li santi li ase byen pou li fè sa, yo pa bezwen pran moman konje. Anplwaye a ki te teste pozitif gendwa pa, sepandan, rapòte bay travay la. Yo gendwa izole yo an tout sekirite lakay epi yo pa kapab retounen travay pandan tout peryòd izòlman (10 jou depi tès pozitif la, 24 èdtan pase yo san lafyèv san itilize medikaman pou redwi lafyèv yo ak amelyorasyon jeneral nan maladi a). Si yon anplwaye tante antre nan espas travay la apre li te resevwa yon rezilta tès pozitif epi avan li fin konplete izòlman an, ou dwe voye yo lakay yo.

**Kesyon Legal yo****1 Ki lwa ki pèmèt mwen egzije oswa ankouraje tès peryodik nan men anplwaye mwen yo?**

Tès peryodik pou anplwaye yo ki nan espas travay la otorize anba direktiv EEOC a. Tanpri refere nou ak Rekòmandasyon Sou Tès pou COVID-19 yo pou direktiv sou tès yo dapre endistri.

**2 Kisa ki ap rive si mwen ankouraje yon anplwaye fè tès epi li blese pandan tès la?**

Si yon anplwaye blese pandan tès la, ou ta dwe ba li yon Pake Enfòmasyon pou Plenyan (Claimant Information Packet) dekwa ou yo kapab rapòte blesi a bay konpayi konpansasyon travayè anplwayè a pou revizyon.

**3 Èske yo egzije mwen bay konje maladi peye pou anplwaye yo pou yo ka fè tès pou COVID-19?**

Wi. Lwa Vil la ak Eta a pèmèt anplwaye yo itilize konje maladi peye pou yo fè tès pou COVID-19. Kantite konje peye yon anplwaye genyen depann de gowsè konpayi ou a.<sup>4</sup>

<sup>4</sup> Biznis yo ki genyen mwens anplwaye yo nan nenpòt ane dwe bay jiska 40 èdtan konje maladi peye pa ane, sòf si revni nè yo a se \$1,000,000 oswa mwens nan ane fiskal pase a, nan ka sa a konje maladi sa a gendwa san peye. Biznis yo ki genyen senk ak 99 anplwaye yo nan nenpòt ane dwe bay jiska 40 èdtan konje maladi peye pa ane. Biznis yo ki genyen ant 100 oswa plis anplwaye nan nenpòt ane dwe bay jiska 56 èdtan konje maladi peye pa ane. Ou kapab jwenn egzijans anplis yo nan [nyc.gov/assets/dca/downloads/pdf/about/PaidSickLeave-AnswerstoEmployerQuestions.pdf](https://nyc.gov/assets/dca/downloads/pdf/about/PaidSickLeave-AnswerstoEmployerQuestions.pdf).



Si ou se yon anplwayè ki kouvri anba Lwa sou Repons Kowonaviris Fanmi yo Dabò (Families First Coronavirus Response Act, FFCRA) federal la, sa gendwa egzije konje peye anplis. Si yon anplwaye pa sou konje maladi peye epi ou egzije li fè tès la, tan li pase pou fè tès la gendwa konsidere kòm èdtan li travay anba lwa sou salè ak èdtan ki aplikab la epi yo gendwa oblije ou peye li pou tan sa a.

**4 Ki prèw mwen kapab egzije pou konje maladi peye pou tès oswa si yon anplwaye genyen sentòm COVID-19 yo oswa teste pozitif pou COVID-19?**

Anba sou Lwa Tan Sekirite ak Maladi yo Genyen (Earned Safe and Sick Time Act) an, yon anplwayè gendwa egzije dokimantasyon nan men yon pwofesyonèl swen sante sèlman si anplwaye a te itilize plis pase twa jou travay konsekitif pou konje maladi. Si konpayi ou an sijè ak FFCRA a, ou pa kapab egzije ke anplwaye yo bay dokimantasyon pou yon dyagnostik pozitif pou yo itilize konje maladi peye a an akò ak FFCRA a.

**5 Èske yo egzije mwen bay konje maladi peye si anplwaye yo teste pozitif pou COVID-19? E pou anplwaye ke yo egzije mete yo an karantèn akòz yo te ekspoze nan yon espas travay oswa lòt kote?**

Yo ankouraje anplwayè yo etabli politik konje maladi ki fleksib pou ankouraje anplwaye yo rete lakay lè yo malad oswa si yo bezwen mete yo an karantèn paske yo se kontak pwòch yon moun ki gen COVID-19. Si yon anplwaye teste pozitif epi li pa kapab travay adistans, anplwaye a gendwa itilize konje peye ki disponib la anba Lwa Vil la ak Eta a. Si anplwaye a dwe mete li an karantèn lakay li akòz li te ekspoze nan espas travay la oswa lòt kote epi li kapab travay, yo kapab mande li travay apati lakay li olye pou li itilize konje maladi peye. Sepandan, ou pa oblije bay konje maladi peye pou moun ki dwe mete yo an karantèn akòz vwayaj ki resan.

**6 Si yon anplwaye teste negatif men li genyen sentòm yo, èske yo egzije mwen bay konje maladi peye?**

Si yon anplwaye genyen sentòm yo epi ou se yon anplwayè ke yo egzije pou bay konje maladi peye (pa opozisyon ak konje maladi ki pa peye), kidonk ou oblije ou bay konje maladi peye pou yon peryòd tan anplwaye a santi li pa byen epi li pa kapab travay anba lwa sou konje maladi Eta a ak Vil la yo, jiskaske anplwaye a epuize kantite konje maladi peye ki disponib pou li a. Si ou se yon ti anplwayè ki gen egzonerasyon pou egzijans lwa sou konje maladi peye Eta a ak Vil la yo, kidonk ou dwe bay konje san peye ki disponib pou li a anba lwa a.

**7 Èske mwen kapab fikse egzijans pou tès, dokimantasyon ak konje ki diferan pou difran anplwaye?**

Politik pou tès, dokimantasyon ak konje yo pa kapab gen diskriminasyon sou baz laj, ras oswa etnisite, orijin nasyonal, andikap, sitiyasyon sante, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon oswa lòt kategori ki pwoteje yo.

## Anèks: Opsyon Tès pou COVID-19 yo

Anplwayè yo kapab itilize lis opsyon tès pou COVID-19 yo pou sipòte anplwaye yo a pou yo fè tès yo. Lis sa a pa egzostif sou tout opsyon pou tès ki disponib yo epi yo gendwa chanje avèk tan an. Tout opsyon tès pou COVID-19 ki anba la a disponib nan NYC.

### A. Sit Tès nan Tout Vil la

- Genyen plizyè santèn espas tès nan tout vil la, gen ladan sit tès mobil yo.
- Pou jwenn yon sant tès toupren ou, itilize lokalizatè sit tès [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest).
- H+H la ofri tès gratis nan lopital yo, sant sante yo ak nouvo espas pwovivwa yo nan tout senk awondisman yo.
- Depatman Sante a ofri tès gratis nan nèt klinik nan tout vil la, [sou randevou](#).
- Anplwaye yo ta dwe pote yon kat asirans ak yon pyès idantite si yo genyen yo.

### B. Kit Tès Lakay pou Moun yo

- Konpayi sa yo bay kit tès lakay FDA a otorize ke yo kapab kòmande sou entènèt.
- Kèk konpayi yo egzije moun lan konplete yon kesyonè sou entènèt oswa fè konsiltasyon avan.
- Apre li fini, yo pral voye tès la avèk enstriksyon sou fason pou kolekte yon echantiyon.
- Yon pwofesyonèl nan konpayi a pral bay rezilta tès yo ak enfòmasyon konsènan pwochen etap yo atravè yon pòtay/aplikasyon sou entènèt, imèl oswa nan telefòn.
- Pou mande enfòmasyon sou pri ak tès ki ajou, tanpri kontakte konpayi a dirèkteman.

	Picture Genetics (Jenetiks imaj)	Pixel (Piksèl)	Let's Get Checked (Annou Fè Tès)	P23	Phosphorus Diagnostic (Dyagnostik ak Fosfò)	Vault Health	Vitagene	Hims & Hers
<b>Pri</b>	119\$	119\$	119\$	\$129 plis transpò	\$140 plis transpò	150\$	129\$	\$150, gen ladan vizit telesante
<b>Asirans Aksepte</b>	Wi*	Wi	Wi*	Wi*	Wi*	Wi*	Wi*	Wi*
<b>Metòd Tès</b>	Aplikate Nazal	Aplikate Nazal	Aplikate Nazal	Tès saliv	Tès saliv	Tès saliv (ki sipèvize atravè apèl Zoom)	Tès saliv	Tès saliv
<b>Tan pou Rezilta yo (Apre Laboratwa Resevwa li)</b>	Pandan 48 èdtan	24-48 èdtan	24-72 èdtan	24-48 èdtan	Pandan 72 èdtan	48-72 èdtan	Pandan 72 èdtan	3 ak 5 jou apre yo ekspedye li
<b>Kesyonè Anliy / Konsiltasyon Obligatwa</b>	Wi	Wi	Wi	Wi	Wi	Wi	Wi	Wi
<b>Restriksyon pou Tès</b>	Non	Dwe satisfè kritè pou depistaj yo	Dwe satisfè kritè pou depistaj yo	Dwe satisfè kritè pou depistaj yo	Non	Non	Dwe satisfè kritè pou depistaj yo	Dwe genyen sentòm yo

\*Moun yo pral bezwen peye pou tèt yo epi answit soumèt yon resi detaye bay konpayi asirans yo a pou ranbousman. Yo aksepte kont depans fleksib (Flexible spending account, FSA) ak kont epay sante (health savings account, HSA) yo.

### C. Opsyon Tès pou Òganizasyon/Antrepriz yo

- Konpayi sa yo bay solisyon pou tès ki fleksib pou anplwayè ak biznis yo pou bay kòlèk echantiyon pou tès COVID-19 lakay oswa sou plas nan itilize oswa tès moun fè pou kont yo oswa tès ki kapab fèt atravè yon pwofesyonèl swen ante.
- Yo gen ladan yo tou opsyon pou peye davans oswa achte an gwo kit tès lakay yo.
- Yo jere ak distribiye rezilta tès yo, epi yo kapab fè aranjman pou swivi yo avèk founisè swen sante yo nan itilize vizit telesante yo.
- Pou mande enfòmasyon sou pri ak tès ki ajou, tanpri kontakte konpayi a dirèkteman.

	<a href="#">Fulgent Therapeutics (Fulgent Terapetik)</a>	<a href="#">Let's Get Checked (Annou Fè Tès)</a>	<a href="#">1Health.io</a>	<a href="#">Phosphorus (Fosfò)</a>	<a href="#">Vault Health</a>
<b>Sèvis Tès yo Ofri</b>	Lakay (moun fè pou kont yo) Sou plas (ki fèt nan klinik)	Lakay (moun fè pou kont yo)	Lakay (moun fè pou kont yo) Sou plas (moun fè pou kont yo)	Lakay (moun fè pou kont yo) Kontak pou lòt opsyon pou tès yo	Lakay (ki sipèvize, atravè apèl Zoom) Sou plas (ki fèt nan klinik)
<b>Delè pou livrezon (pou Tès Lakay yo) / tan pou enstale (pou Tès Sou Plas)</b>	Lakay - 2 jou ouvrab Sou plas - yon semèn	Lakay - nan 24 èdtan	Kontakte konpayi	Kontakte konpayi	Kontakte konpayi
<b>Metòd Tès</b>	Aplikatè Nazal	Aplikatè Nazal	Tès saliv	Tès saliv	Tès saliv
<b>Tan pou Rezilta yo (Aprè Laboratwa Resevwa li)</b>	24-48 èdtan	24-72 èdtan	Pandan 72 èdtan	Pandan 72 èdtan	48-72 èdtan
<b>Disponibilite pou Achte Kit Tès yo an Gwo</b>	Kontakte konpayi	Oui	Oui	Oui	Oui
<b>Asirans Aksepte</b>	Wi	Kontakte konpayi	Kontakte konpayi	Wi	Wi

### D. Patenè Famasi yo

- CVS Health ap ofri solisyon tès pou COVID-19 ki kapab adapte
  - Genyen tès ni nan espas travay la ak tès yo fè pandan ou rete nan machin
  - Sèvis vaksinasyon sou plas nan famasi yo, siveyans sou sentòm yo ak sipò pou retrase kontak yo disponib tou
  - Pou plis enfòmasyon, vizite "[Return Ready](#)"
- Walgreens Pharmacy nan pwosesis pou devlope solisyon tès pou COVID-19 ki kapab adapte
  - Tès rapid yo nan espas Walgreens yo ak sèvis pou rete nan machin yo
  - Sèvis vaksinasyon sou plas nan famasi yo disponib
  - Pou plis enfòmasyon, vizite [walgreens.com/testandprotect](https://www.walgreens.com/testandprotect)